

MAKIHKEUN KURIKULUM BUDAYA SUNDA CIRI HAS YAYASAN ATIKAN SUNDA (YAS)¹

Yayat Sudaryat²

Panceg pisan
dina miéling Poé Basa Indung Internasional
(*International Mother Tongue Day*)

1. Manggala Wacana

Nalika ditepangan ku Sadérék Déni Hadiansyah, Guru basa Sunda SMA Yayasan Atikan Sunda (YAS) Bandung, anu saterasna disusul tepus ku serat ti Panata Calagara studi banding MGMP Basa Sunda Kota Bogor ka YAS Bandung, sim kuring rada hareugeueun atanapi ngagebeg kedah midang dina éta acara. Ari margina, tos lami pisan tara lumanto ka YAS téh. Bet asa mulangkeun panineungan. Atuh pikiran téh narawang deui mangsa-mangsa ka tukang, mangsa mimiti ngajar di YAS.

Taun 1984 mimiti nangtung di kelas hareupeun murid-murid SMP YAS téh. Mun teu salah mah poé Salasa. Can tamat nyuprih pangarti di IKIP (kiwari UPI) ogé, kakara nincak ka tingkat tilu. Teu kungsi lila ngajar di SMP teh, ngan dua taunan (Hanca ngajar téh diteraskeun ku Sdrk. Lilis Nur Ruhiyati, mantan bébéne anu ayeuna jadi indung barudak). Sabada Sdrk. Lilis NR ngéncagkeun ngajarna di SMP, guru basa Sunda téh dipasrahkeun ka pa Juhana, teras ka apingan sim kuring deui (Sdrk. Wiwin Winarsih). Ayeuna nu ngajarkeun basa Sunda téh Rifa Sundari sareng Alamsyah, apingan sim kuring kénéh ti UPI. Henteu népotisme, da jadi sarat. Pék cenah eureun, asal aya gantina nu bisa dipercaya.

Réa pangalaman jeung panineungan anu katampa sarta natrat dina jiwa nepi ka ayeuna. Balageurna guru-guru, di antawisna, Pa Mahdar (Kapala SMP YAS ayeuna), Pa Dayat Sudaryat (guru nyieun wayang, “Hatur nuhun kana gambar wayang katut watek-watekna”). Ari kana wayang téh sok inget kana murwa jeung kakawén.

“Saur nira tandana panjang,
sinanggih sabda unira”.

.....
“Mangga urang nyarioskeun nu aya di nagara Amarta.

Prabu Darmakusumah dideuheusan ku Ingkang Rayi Bima, Arjuna, Nakula, lan Sadewa. Leuleuy keudeu aris pangandikana. “Euleuh yayi Kakang!”

- 1) **Didugikeun dina Acara *Studi Banding* MGMP Basa Sunda Kota Bogor di Bandung, Salasa, 21 Pebruari 2006**
- 2) **Rururuntuk Guru Basa Sunda YAS, Dosen FPBS UPI**

Utamana mah Kang H.R. Hidayat Suryalaga (harita Kapala SMP YAS) anu teu weléh umajak kanggo padungdungan sawala perkara basa, sastra, sareng budaya Sunda. Sok rada ngawagu nyanggem sareng anjeunna mah, ma'lum pakar tatakrama Sunda. Ari sim kuring “anak bulu taneuh”, basa teh rada cohag. Sim kuring teu weléh digetrik kedah ilubiung dina dunya budaya Sunda, dipapancénan ngawakilan YAS dina rupa-rupa acara, kalebet dina acara-acara MGMP Basa Sunda, disina nulis naskah drama, dijujurung nulis dina Koran Kujang, diwanohkeun ka Téater Sunda Kiwari (pamanggulna Kang Dadi P. Danubrata.), dirorjok kudu diajar nembang sareng Sdrk Dédén Guntari (kiwari pagawé Pemda Kab. Purwakarta, baladna Wabup Dédi Mulyadi, S.H.).

Taun 1986 ngajar téh pindah ka SMA YAS. Di dieu ogé kudu jadi pamanggul dina acara-acara kasundaan, boh nu sipatna atikan atawa seminar-seminar. Kapaksa ngajéngang mawa sora téh. Kahiji mawa sora YAS, kadua mawa sora IKIP (UPI ayeuna) lantaran ti taun 1986 dibenun jadi dosén. Memang teu réa préstasi anu dicangking ku kuring salila di YAS. Tapi, kungsi nyusun rumpaka Karatagan YAS, anu disanggi ku Dédi Jurnardi SF (Suryana Fatah, Babah Ho Lie Ong *de' Kabayan* téa, baladna Aom Kusman sareng Kang Ibing Kusmayatna). Waktu kurikulum 1984 muncul, sim kuring ogé diperedih kudu nyusun Kurikulum SMA Basa jeung sastra Sunda.

Nya ku kasibukan, taun 1994, neda widi ngalésotkeun ngajar di SMA (Kapala sakolana Pa Katma). Harita Ketua YAS téh Kang H.R. Hidayat Suryalaga. Dinaha-naha eta oge, ku naon pangna eureun. Sanggem téh abdina sibuk. Babakuna mah isin sok sering tara ngajar alias bolos. Da bari kuliah di S-3 (Program Doktor Linguistik UNPAD). Duka saha anu nuluykeun tapak lacak ngajar basa Sunda téh. Da kuringna sorangan tara ngelol-ngelol. Aya béja éta ogé, pajar téh nu ngagantina, apingan jeung didikan kuring pribadi, Sdr. Yuyun Yuniar Ékawati.

Ngan taun 2003, Ki adi, nyatana Déni Hadiansyah, hayang ngajar. Keur ngalancarkeun nyarita pokna bari sakalian hayang nepakeun élmu kabisana ka barudak. (Kahadé lain “nepakeun jurig pateuh”). Ku sim kuring téh dirékomendasi pikeun ngajar di SMA. Kaleresan kapalana Pa Usman, kapungkurna koléha ngajar di SMA YAS. Teu matak hésé béléké Da puguh mawa katébelécé.

Waktu kurikulum 2004 mahabu muncul, Sdrk. Déni Hadiansyah norojol, nepungan. Cenah rék nyieun Kurikulum Basa Sunda SMA Ciri Has YAS. Atuh pohara

- 1) **Didugikeun dina Acara *Studi Banding* MGMP Basa Sunda Kota Bogor di Bandung, Salasa, 21 Pebruari 2006**
- 2) **Rururuntuk Guru Basa Sunda YAS, Dosen FPBS UPI**

dideudeulna. Nya dituntun tur dilelempeng raraga kurikulumna, ambahan jeung runtuyan bahanna, katut prinsip-prinsipna. Mémang rada molotok dina uteuk teh, kahiji kungsi jeblog nyieun Kurikulum SMA 1984 Basa Sunda Ciri Has YAS, atuh kaduana kakara pisan réngsé ngagulanggapér Kurikulum 2004: Standar Kompetensi Basa jeung Sastra Sunda SD/MI jeung SMP/MTs. Atuh pariuk manggih kekeb.

Alah bet kalah ka kalalanjoan nabeuh manéh. Bet kalah nikukur. Keun baé kétéang, itung-itung namplokkeun kasono, bari sakalian mapag sémah atawa tamu kitu. Ari disebut sémah bisi ngahésékeun nu boga imah. Pon kitu deui, disebut tamu, meureun kudu dijamu. Ah, urang sebut wé guru-guru nu ngayakeun studi banding, nya, ngarah katingali kerén.

Ieu tulisan ditujulkeun pikeun nyumponan pameredih Panata Calagara Studi Banding guru-guru MGMP Kota Bogor ka Yayasan Atikan Sunda (YAS) Bandung, bari sakalian miéling Poé Basa Indung Internasional. Eusina mangrupa sawangan perkara galuring kurikulum budaya Sunda ciri has YAS, kumaha palasipah jeung kahanan katut tujulna.

2. Kamekaran Kurikulum Atikan

Kamekaran kurikulum atikan di Indonésia ilaharna dimimitian ku kurikulum atikan sabada kamerdikaan. Da ari saméméhna mah kurikulum kolonial anu mentingkeun kapentingan pangjajah. Kurikulum anu munggaran nya éta Kurikulum 1947, anu disebut Rencana Pelajaran 1947. Ieu kurikulum mangrupa parobahan tina kurikulum kolonial anu diluyukeun kana kapentingan bangsa Indonésia minangka bangsa anu merdika. Éta kurikulum satuluyna disampurnakeun taun 1950 saluyu jeung medalna UU No. 4/1950 anu ngarumuskeun tujuan kurikulum nurutkeun jenjang atikan sakola.

Dina dangka waktu 1950—1968 kurikulum sababaraha kali barobah. Kurikulum keur jenjang SMP dua kali robah (Kurikulum 1962 jeung Kurikulum 1967), ari keur jenjang SMA opat kali robah (Kurikulum 1952, 1961, 1964, jeung Kurikulum 1968). Kurikulum SMP 1962 disebut *Rencana Pelajaran SMP Gaya Baru*, anu ngawengku kelompok dasar, cipta, rasa/karsa, jeung krida. Kurikulum SMA 1961 disebut *Kurikulum SMA Gaya Baru*, anu ngawengku kelompok dasar, husus, panyarta, jeung kelompok prakarya-krida.

- 1) **Didugikeun dina Acara *Studi Banding* MGMP Basa Sunda Kota Bogor di Bandung, Salasa, 21 Pebruari 2006**
- 2) **Rururuntuk Guru Basa Sunda YAS, Dosen FPBS UPI**

Robahna kurikulum 1964 jadi Kurikulum 1968 dicirian ku pamarekan organisasi matéri pelajaran jeung papasingan kelompok pelajaran anu béda (Cipta, rasa, karsa, jeung krida). Ieu pamarekan téh kawentar ku sebutan *separated subject curriculum*. Dina Kurikulum 1968 organisasi matéri pelajaran didadasaran ku cara korélasional (*correlated subject curriculum*) di jenjang sakloa handap. Kurikulum 1975 geus ngait kana masalah nyata di lingkungan. Oragnisasi materi pelajaranana boga sipat integral (*integrated curriculum organization*) tina sababaraha mata pelajaran dihijikeun jadi hiji rungkun nu tangtu. Prakna disusun dumasar kana Prosédur Pengembangan Sistem Intruksional (PPSI).

Kurikulum 1975 dipake nepi ka taun 1984 ku munculna Kurikulum 1984. Ieu Kurikulum téh dianggap panyarungsum pikeun nyampurnakeun kurikulum 1975. Ku kituna, Kurikulum 1984 sok disebut-sebut *Kurikulum 1975 anu Disampurnakeun*. Ieu kurikulum téh nyoko sistem unit.

Kurikulum 1984 masih dianggap can mampuh ngahontal kamekaran élmu pangaweruh jeung téknologi anu gedé pisan dampakna kana kahirupan sospolékbud. Ku kituna, dina taun 1994 dimunculkeun deui Kurikulum 1994, anu didongkrak ku kaluarana UU No. 2/1989 ngeunaan Sisdiknas (Sistem Pendidikan Nasional). Ieu kurikulum téh nuduhkeun ayana dua diménsi lulugu, nya éta *produk* jeung *prosés*, anu kalawan gembleng ngawengku aspék matéri (*content*), pangalaman siswa (*experiences*), tujuan KBM (*objectives*), jeung hasil KBM (*outcomes*). Dina ieu kurikulum (SD-SMP) ditandeskeun ayana mata pelajaran muatan lokal (di Jawa Barat: Basa Sunda jeung Basa Cirebon). Tapi, di SMA teu dibéré lolongkrang ayana pangajaran basa Sunda. Malah di SMA Program Bahasa ogé teu disebut-sebut, anu aya téh Mata Pelajaran “(3) Bahasa Asing lainnya”.

Taun 2000-an muncul deui gagasan anyar pikeun ngutak-ngatik kurikulum anu didadasaran ku kamampuh (kompeténsi) nepi ka muncul Kurikulum Berbasis Kompetensi (KBK). Sabada diuji coba di sawatara sakolah percontohan, nya taun 2004 gubrag Kurikulum 2004: Standar Kompetensi Mata Pelajaran (...). Kiwari ieu kurikulum teh can ditawis ku Mendiknas, malah geus dianggap gagal, antukna aya isu dirurud ti lapangan, malah cenah balik deui ka Kurikulum 1984. Enya henteuna, urang pada-pada ngabandungan.

- 1) **Didugikeun dina Acara Studi Banding MGMP Basa Sunda Kota Bogor di Bandung, Salasa, 21 Pebruari 2006**
- 2) **Rururuntuk Guru Basa Sunda YAS, Dosen FPBS UPI**

3. Kahanan Kurikulum Budaya Sunda Has YAS

Yayasan Atikan Sunda minangka yayasan anu bagerak dina widang atikan atawa pendidikan. Kakara aya tilu jenjang atikan anu dikokolakeun ku YAS, nya éta SD, SMP, jeung SMA. Dina dasarna atikan anu dikokolakeun atawa dipatéahkeun ku YAS téh teu bina ti lembaga atikan anu sawarna, boh lembaga negeri boh lembaga swasta. Hartina widang-widang studi anu diprogramkeun ku YAS téh sarua bae jeung widang-widang studi di sakola sejenna keur tiap-tiap jenjang atikan. Lamun kitu, lebah mana atuh hasna atikan anu dilaksanakeun di YAS? Tangtu baé aya tur wujudiahna ngabungkeuleuk pisan.

Memang, najan gegedéna sarua jeung widang-widang pangajaran di sakola umumna, tapi YAS mibanda program pangajaran anu has tur mandiri, anu béda jeung sakola-sakola séjénna. Di antara éta widang-widang pangajaran téh, nya éta:

- (1) Widang pangajaran basa jeung sastra Sunda, kaasup aksara Sunda SD—SMA
(Bahan-bahan bacaan réréana inohong jeung kasundaan);
- (2) Widang pangajaran sajarah jeung tatakrama Sunda keur SMP-SMA;
- (3) Widang pangajaran ékstrakurikulér kayaning:
 - (a) Penca silat (SD—SMA),
 - (b) Padingdangan atawa perkusi (SMP—SMA),
 - (c) Karawitan (SD—SMA),
 - (d) Rampak sekar (SD—SMA),
 - (e) Degung (SD-SMP),
 - (f) Ukir wayang (SMP),
 - (g) Pupuh (SD—SMA),
 - (h) Ngarang jeung jurnalistik (SMP-SMA),
 - (i) Teater (SMA),
 - (j) tari (SD-SMP),
 - (k) KIPARA atawa PASKIBRA (SMP—SMA),
 - (l) Pramuka (SD—SMP), jeung
 - (m) Olah raga--Volley ball (SMP-SMA).

Karya-karya tulis barudak atawa siswa YAS anu onjoy tur alus, biasana direkoméndasi pikeun dimuat dina Kalawarta *Kujang* jeung Koran *Galamedia*. Malah mah dina Kalawarta *Kujang* mah sok disadiakeun kolom husus pikeun guru-guru narulis.

- 1) **Didugikeun dina Acara *Studi Banding* MGMP Basa Sunda Kota Bogor di Bandung, Salasa, 21 Pebruari 2006**
- 2) **Rururuntuk Guru Basa Sunda YAS, Dosen FPBS UPI**

Jaba ti éta, warga YAS ngalanggan Kalawarta *Kujang*, kaasup barudak sakola. Bahan ajar ogé mimindengna mah dumasar kana tulisan-tulisan dina éta kalawarta.

Aya anu onjoy tur unggul tina perkara kurikulum YAS téh. Émut kénéh harita téh, nalika SMP umum ngajarkeun basa Sunda ukur kelas I jeung kelas II (Kurikulum 1975, Suplemen 1979), SMP YAS mah geus ngajarkeun basa Sunda nepi ka kelas III. Jaba ti basa Sunda, program pangajaran di SMP YAS ditambahan ku Sajarah Sunda, Tatakrama Sunda, jeung Aksara Sunda.

Ny kitu deui, di jenjang SMA, jaba ti bahan ajar basa Sunda, ditambahan deui ku bahan ajar sajarah Sunda, tatakrama Sunda, jeung aksara Sunda. (Lebah kurikulumna ogé, kungsi milu jeblog deuih). Atuh basa asingna ogé kapan basa Jérman (harita guruna sobat pisan, Sdrk. Yuse Sribuanawati. “*Danke Gut, Miss. Ich liebe dich*”). Minangka bahan babandingan, sim kuring sering padungdengan sareng guru-guru bahasa Indonésia (Sdrk. Méli M, Mumu Isaq F., sareng Sdrk. Farida D.). Sering diayakeun pasanggiri-pasanggiri kayaning biantara basa Sunda, nulis aksara Sunda (can usum aksara Sunda Kaganga harita mah, najan geus dilalanyahan ku ngawanohkeun aksara Sunda Ratu Pakuan. Tangtu baé, bari henteu mopohokeun aksara Sunda-Basisir, cacarakan, atawa Hana caraka téa).

Waktu Kurikulum 1984 dipaké di sakuliah Indonesia, SMA YAS rada pungk-pinguk harita téh. Salaku guru basa Sunda tunyu-tanya ka ditu ka dieu, kaasup ka SMA/K Pasundan (kabeneran sobat pisan Kang Adjid Supriadi sareng Kang Adang Sunandi ti SMA/K Pasundan 1 Balonggedé), tapi angger pugag. Ari sababna, di SMA/K Pasundan ogé masih ngagunakeun kurikulum 1975. Malah kalah malik nanya harita téh. Atuh sim kuring usul ka Kepala SMA sangkan nyusun kurikulum basa Sunda 1994. Nya tamiang meulit ka bitis, tugas téh ragragna ka sim kuring pribadi. Teu bisa majar kumaha, da sorangan nu ngusulkeun. Antukna kurikulum basa Sunda 1984 Has SMA YAS teu burung ngawujud. Modélna maké sistim unit, aya genep aspék, nya éta (1) maca, (2) kandaga kecap, (3) adegan basa, (4) pragmatik, (5) nulis, sarta (6) aprésiasi basa jeung sastra Sunda.

Kurikulum Basa Sunda 1984 has SMA YAS terus dipaké. Malah sakaterang nepi ka munculna kurikulum 1994 anu ngagunakeun pamarekan komunikatif. Éta kurikulum téh can kungsi diropéa. Henteu nyimpang-nyimpang teuing éta ogé, da buktina kurikulum

- 1) **Didugikeun dina Acara *Studi Banding* MGMP Basa Sunda Kota Bogor di Bandung, Salasa, 21 Pebruari 2006**
- 2) **Rururuntuk Guru Basa Sunda YAS, Dosen FPBS UPI**

1984 téh ceuk sawangan sim kuring mah kaitung alus tur pepek, malah geus ngamuat kompetensi dina prinsipna mah.

Waktu muncul Kurikulum 2004 anu nelah KBK (Kurikulum Berbasis Kompetensi), SMA YAS ogé henteu katingaleun. Anu ngokolakeun KBK SMA Basa Sunda téh nya éta Sdrk. Déni Hadiansyah. Najan teu ancrub langsung, tapi sim kuring kaasup anu milu ngalempeng tur ngararagaan éta kurikulum. Kabeneran deuih, waktu KBK Basa Sunda Has SMA YAS rék disusun, sim kuring kakara pisan rengsé tur milu jeblog nyusun Kurikulum 2004: Standar Kompetensi Basa jeung Sastra Sunda pikeun SD/MI jeung SMP/MTs. Ayeuna ogé keur ngararancang Kurikulum 2004: Standar Kompetensi Basa jeung Sastra Sunda pikeun SMA/SMK/MA, dipinangsarayaan ku BPBD Disdik Provinsi Jawa Barat.

3. Tilikan kana Kurikulum Basa Sunda Ciri Has YAS


Kurikulum Basa Sunda Ciri Has YAS leuwih keuna mun disebut Kurikulum Budaya Sunda Ciri Has YAS. Ari sababna, boh eusi boh wujudiahna nyoko kana kahanan budaya Sunda. Ieu téh didadasaran ku tinimbangan yén eusi kurikulum basa Sunda ciri has YAS henteu ngan makihikeun basa wungkul, tapi aya leuwihna, nya éta midangkeun galuring budaya Sunda, kaasup sajarah Sunda, tatakrama Sunda, jeung aksara Sunda.

Tujulna tina Kurikulum Budaya YAS nya éta pikeun ngahasilkeun manusa Sunda anu paripurna, anu hirup barina hurip (*wellness*), silih asih, silih asuh, jeung silih asah (SA3). Barudak digiring sangkan asup kana “gapura panca waluya”, nya éta jalma anu ‘cageur, bageur, bener, pinter, tur singer, bari teu kabalinger’. Lamun UNESCO ngawarkeun opat pilar atikan, nya éta (1) *learning to know* (diajar mikaweruh), (2) *learning to do* (diajar milampah), (3) *learning to be* (diajar mibanda), jeung (4) *learning to live together* (diajar gawé bareng, rempug jukung sauyunan, ka cai jadi saleuwi, ka darat kadi salebak); YAS mah geus leuwih ti heula boga palasipah kitu téh.

Kurikulum Basa Sunda Ciri Has YAS mibanda titik pamiangan atawa tatapakan nu tangtu. Upama digambarkeun, tatapakan Kurikulum Ciri Has YAS téh ébréh dina bagan di handap ieu.

- 1) **Didugikeun dina Acara *Studi Banding* MGMP Basa Sunda Kota Bogor di Bandung, Salasa, 21 Pebruari 2006**
- 2) **Rururuntuk Guru Basa Sunda YAS, Dosen FPBS UPI**

Bagan 1: TATAPAKAN ATIKAN YAS



Saperti ancangan Kurikulum 2004 nasional, *Kurikulum 2004: Standar Kompetensi Basa Sunda Ciri Has YAS*, utamana jenjang SMA, disusun kalawan nyokona kana konsép kompeténsi. Malah masih disebut kénéh KBK Atikan Sunda. Eusina ngamuara kana opat aspék kaparigelan basa jeung sastra anu proporsina kieu: (1)

- 1) Didugikeun dina Acara *Studi Banding* MGMP Basa Sunda Kota Bogor di Bandung, Salasa, 21 Pebruari 2006
- 2) Rururuntuk Guru Basa Sunda YAS, Dosen FPBS UPI

ngaregepkeun (12,82%), (2) nyarita (24,36%), (3) maca (26,92%), jeung (4) nulis (35,90%). Jumlah kompetensi dasar (KD) kabehna aya 76, anu sebaran dina unggal kelasna henteu sarua. Kelas X aya 25 KD (32,05%), kelas XI aya 30 KD (38,46%), jeung kelas XII aya 23 KD (29,49%).

Babandingan KD tina opat aspék kaparigelan basa (ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis) nya éta **1 : 2 : 2 : 3**. Ari babandingan KD basa Sunda (67,95%) jeung KD sastra Sunda (32,05%) nya éta **3 : 1**. Sangkan leuwih jéntré bisa dititénan dina tabél di handap ieu.

Tabel 1: ASPÉK KAMAHÉRAN BASA KATUT KOMPETÉNSI DASARNA

ASPÉK MAKÉNA BASA	X		XI		XII		Σ
	Basa	Sastra	Basa	Sastra	Basa	Sastra	
Ngaregepkeun	2	1	3	2	1	1	10
Nyarita	5	1	5	2	5	1	19
Maca	3	3	5	3	4	3	21
Nulis	8	2	7	3	5	3	28
JUMLAH	18	7	20	10	15	8	78
KOMPETÉNSI DASAR	25		30		23		

Bahan Lulugu (*Matéri pokok*) dina Kurikulum Basa jeung Sastra Sunda SMA YAS jeung KD henteu banding rata. Jumlah bahan leuwih réa ti batan jumlah KD. Hal ieu nuduhkeun yén bahan ajar dina Kurikulum Atikan Sunda Has SMA YAS réa anu disalindungkeun kana hiji KD. Réa KD anu dieusian ku dua bahan ajar atawa leuwih. Wincikan KD anu bahan ajarna leuwih ti sarupa, tempat cicingna dina aspék kaparigelan basa jeung sastra, sarta tahapan kelasna, ditéték hiji-hiji di handap ieu.

a. Babandingan KD jeung Bahan Ajar Ngaregepkeun

Ngaregepkeun mibanda 10 KD, ari bahan ajarna mah aya 18 rupa. KD anu mibanda bahan leuwih ti sarupa, nya éta (1) Kelas X: KD basa 1 aya 3 bahan, KD sastra 1

- 1) Didugikeun dina Acara *Studi Banding* MGMP Basa Sunda Kota Bogor di Bandung, Salasa, 21 Pebruari 2006
- 2) Rururuntuk Guru Basa Sunda YAS, Dosen FPBS UPI

aya 2 bahan; (2) Kelas XI: KD basa 3 aya 2 bahan, KD sastra 1 aya 2 bahan; (3) Kelas XII: KD basa 1 aya 3 bahan, KD sastra 1 aya 2 bahan.

b. Babandingan KD jeung Bahan Ajar Nyarita

Nyarita mibanda 19 KD, ari bahan ajarna mah aya 26 rupa. Jadi, leuwihna bahan aya 7 rupa. KD anu mibanda bahan leuwih ti sarupa, nya éta (1) Kelas X: KD basa 5 aya 2 bahan, KD sastra 1 aya 2 bahan; (2) Kelas XI: KD basa 1 aya 2 bahan; (3) Kelas XII: KD basa 1 aya 3 bahan, KD sastra 1 aya 3 bahan.

c. Babandingan KD jeung Bahan Ajar Maca

Maca mibanda 21 KD, ari bahan ajarna mah aya 26 rupa. Jadi, leuwihna bahan aya 5 rupa. KD anu mibanda bahan leuwih ti sarupa, nya éta (1) Kelas X: KD basa 2 aya 2 bahan; (2) Kelas XI: KD sastra 1 aya 2 bahan; (3) Kelas XII: KD basa 1 aya 3 bahan, KD sastra 2 aya 2 bahan.

d. Babandingan KD jeung Bahan Ajar Nulis

Nulis mibanda 28 KD, ari bahan ajarna mah aya 44 rupa. Jadi, leuwihna bahan aya 16 rupa. KD anu mibanda bahan leuwih ti sarupa, nya éta (1) Kelas X: KD basa 1 aya 4 bahan, KD basa 2 aya 2 bahan, KD basa 8 aya 2 bahan, KD sastra 1 aya 4 bahan; (2) Kelas XII: KD basa 1 aya 3 bahan, KD basa 2 aya 2 bahan, KD basa 3 aya 2 bahan, KD sastra 1 aya 3 bahan, KD sastra 2 aya dua bahan, jeung KD sastra 3 aya 2 bahan.

Tabel 2: AMBAHAN JEUNG RUNTUYAN BAHAN AJAR BASA SUND

WIDANG	ASPEK	MATÉRI POKOK		
		I	II	III
BASA	Ngaregepkeun	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Warta radio/ TV ❖ Uraian tina koran, majalah, internet ❖ Informasi langsung ❖ Pangalaman 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Biantara pamapag/ hutbah ❖ Wawancara TV/ radio ❖ Sajarah Sunda ❖ Babasan & Paribasa 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Warta ❖ Karajaan Pajajaran ❖ Ceramah tata krama ❖ Laporan kagiatan
	Nyarita	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Wawanohan ❖ Fungsi kalimah ❖ Pangalaman pribadi ❖ Naskah warta ❖ Kecap hese ❖ Wawaran faktual ❖ Kritik media ❖ Tatakrama 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Carita pangalaman ❖ Kajadian ❖ Artikel tatakrama ❖ Guneman ❖ Hasil penelitian ❖ Diskusi tatakrama 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Bahasan kasundaan ❖ Panolak ❖ Panyambung dina kalimah ❖ Biografi inohong ❖ Bahasan nonsastra ❖ Laporan budaya ❖ Biantara
	Maca	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Teks nonsastra ❖ Sajarah Sunda ❖ Teks nu make grafik/tabel 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Paragraf dangdanan ❖ Sajarah Sunda ❖ Warta ❖ Kalimah langsung & teu langsung ❖ Kolom 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Wacana induktif ❖ Wacana deduktif ❖ Wacana campur ❖ Kalimah rangkep ❖ Artikel ilmiah ❖ Teks biantara ❖ Sajarah Sunda
	Nulis	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Ragam Wacana ❖ Tata kecap ❖ Tata kalimah ❖ Parobahan harti ❖ Surat idin/uleman ❖ Aksara Sunda ❖ Teks biantara ❖ Resensi sastra ❖ Informasi ❖ Wawancara ❖ Inohong Sunda ❖ Formulir 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Idiom ❖ Gaya basa ❖ Kritik ❖ Aksara Sunda ❖ Ringkesan buku tatabasa ❖ Rangkuman diskusi ❖ Notulen rapat ❖ Karya tulis 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Surat lamaran ❖ EYD ❖ Laporan diskusi ❖ Bahasan ❖ Eksposisi ❖ Esey
SASTRA	Ngaregepkeun	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Sajak ❖ Dongeng 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Gending karesmen ❖ Carita wayang ❖ Novel 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Carpon ❖ Drama
	Nyarita	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Carita pondok ❖ Kakawihan ❖ Sisindiran 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Drama/ Gending karesmen ❖ Pupuh 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Jangjawokan ❖ Pupuh ❖ Sajak
	Maca	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Sajak ❖ Carita pantun ❖ Carita pondok 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Carita pantun ❖ Novel ❖ Biografi ❖ Resensi novel 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Sajak ❖ Carpon ❖ Antolohi sajak ❖ Galuring sastra
	Nulis	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Sajak ❖ Gaya basa 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Sinopsis novel ❖ Naskah drama 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Resensi antolohi sajak/carpon

- 1) Didugikeun dina Acara *Studi Banding* MGMP Basa Sunda Kota Bogor di Bandung, Salasa, 21 Pebruari 2006
- 2) Rururuntuk Guru Basa Sunda YAS, Dosen FPBS UPI

		❖ Sisindiran ❖ Pupuh ❖ Carita pondok ❖ Carita wayang	❖ Pupuh	❖ Sajak ❖ Carpon ❖ Kritik ❖ Esey
--	--	---	---------	---

3. Pamungkas Wacana

Naon-naon anu ditepikeun dina ieu tulisan téh ngan sawangan salalar saliwatan perkara Kurikulum Budaya Sunda Has YAS. Malah mandar ku ayana ieu sawangan téh bisa ngabolékérkeun atawa nyuaykeun lalangsé atikan anu salila ieu jadi bangbaluh kana hirup-huripna basa, sastra, katut budaya Sunda.

Kecap “Sunda” dina labél YAS téh ngajadikeun sasmita yén YAS miang tina rasa kasundaan. Ari rasa ayana dina dada. Dina palasipah YAS, Sunda téh hartina ‘disusun tina dada’, minangka tatapakan nu boga daya atawa kakuatan Sunda. Ku kituna, YAS didadasaran ku Daya Sunda. Muga-muga baé, YAS jadi wahana pangbarepna dina nyipta manusa Sunda anu “nyunda, nyakola, nyantri, jeung nyantika”. Koncina, urang kudu towéksa kana banda urang. Kudu “pok-pék-prak”.

Sakitu anu kapihatur.

Cag!

Urang teundeun di handeuleum sieum,
urang tunda di hanjuan siang,
paranti nyokot ninggalkeun,
sampeureun pikahareupeun.

Pamungkasna:

Beunteur désa kasorogok,
pelemna karasa baé.
Seueur basa anu nyogok,
tebih tina basa saé.

Pangancikan, Anggara, Kartika 1928 Saka

Pun,

- 1) Didugikeun dina Acara *Studi Banding* MGMP Basa Sunda Kota Bogor di Bandung, Salasa, 21 Pebruari 2006
- 2) Rururuntuk Guru Basa Sunda YAS, Dosen FPBS UPI

- 1) **Didugikeun dina Acara *Studi Banding* MGMP Basa Sunda Kota Bogor di Bandung, Salasa, 21 Pebruari 2006**
- 2) **Rururuntuk Guru Basa Sunda YAS, Dosen FPBS UPI**